

Paramèt Piblisite

Pi bon pratik pou jere paramèt piblisite ou yo ak eksperyans ou fè ak piblisite yo sou entènèt.

1. Kijan Piblisite Sou Entènèt Fonksyone?

Piblisite sible yo sèvi ak done pèsonèl ak konpòtman sou entènèt pou vize piblisite ki enpòtan sou yon seri gwoup demografik oswa sou moun espesifik. Piblisite vize ak eksperyans pèsonalize ou fè ak piblisite yo se pati enpòtan nan entènèt la. Souvan, piblisite yo se fason gwo sit teknoloji fè lajan yo.

Piblisite sou entènèt ka siveye w epi jwenn enfòmasyon sou ou lè ou sèvi avèk metòd sa yo:

- **Kouki yo** se ti moso done ki estoke nan sit entènèt ki genyen enfòmasyon sou aktivite ou sou yon sit patikilye, ki gen ladan yo pandan konbyen tan ou te la, sou kisa ou klike, kijan ou te navege, elatriye.
- **Trakè URL yo** se ti moso kòd nan fen yon URL ki swiv konpòtman ou apre ou fin klike sou yon lyen.

Lòt enfòmasyon yo gen ladan yo:

- Istorik rechèch
- Enfòmasyon demografik ki gen ladan yo lokalizasyon, laj, eta sivil, elatriye
- Piblikasyon ak pwofil piblik

2. Aktivite: Ki Kote Ou Pase Tan Ou Sou Entènèt?

Fè lis navigatè entènèt ou itilize yo, ni sou òdinatè w, ni sou telefòn ou:

NYC Digital Safety

Privacy & Security

Fè lis sit rezo sosyal ak lòt sit (tankou Spotify, TikTok, elatriye) ke ou itilize yon fason regilye:

Konsidere ki kalite piblisite ou gen tandans wè sou sit ou vizite epi itilize yo. Èske gen kèk tandans oswa bagay ki atire atansyon w? Ekri obsèvasyon ou yo:

Kounye a ke w konnen kèk fason yo ka siveye aktivite w, kijan piblisite w ap wè yo ta kapab reflete nati aktivite w sou entènèt la?

NYC Digital Safety

Privacy & Security

3. Pi bon Pratik pou Jere Paramèt Piblisite yo

Sèvi ak sijesyon sa yo pou ede w jere eksperyans ou fè ak piblisite sou entènèt yo. Ou kapab aplike pi bon pratik sa yo nan diferan sit ou liste pi wo a.

- Efase epi netwaye kouki ou yo yon fason regilye
- Efase epi netwaye istorik rechèch ou a yon fason regilye
- Sèvi ak mòd enkoni oswa navigasyon prive sou entènèt
- Sèvi ak yon navigatè entènèt ki dedye ak konfidansyalite, tankou DuckDuckGo. Remake byen ke sa yo bon pou konsidere pou telefòn espesyalman
- Fè lide pou w itilize yon VPN
- Enstale yon blokaj piblisite pou navigatè entènèt ou ak/oswa telefòn ou
- Sèvi ak paramèt konfidansyalite yo sou divès sit rezo sosyal ou yo ak kont entènèt ou yo pou pi byen konprann sa piblisite yo wè sou ou epi pi byen jere paramèt konfidansyalite ou yo. Rete enfòme sou ki opsyon ki disponib pou ou.

Men kèk kote ou kapab ale pou verifye paramèt piblisite ou yo pou sit popilè yo. Men lis sa a pa konplè, kidonk, asire w ou verifye paramèt kont ou yo pou sit oswa aparèy ou itilize ki pa sou lis sa a!

Paramèt Piblisite Google Yo

<https://adssettings.google.com>

NYC Digital Safety

Privacy & Security

Paramèt Piblisite Microsoft Yo

<https://account.microsoft.com/privacy/ad-settings>

Paramèt Piblisite Facebook Yo

<https://www.facebook.com/ads/settings>

Sant Èd pou Piblisite Instagram Nan

<https://help.instagram.com/1415228085373580>

Sant Èd Tiktok

<https://support.tiktok.com/en/account-and-privacy/personalized-ads-and-data/personalization-and-data>